

# ZAM NIKLEYE

## Kisa yon zam nikleyè ye?

Yon zam nikleyè se yon aparèy ki itilize yon reyakson nikleyè pou kreye yon esplozyon. Esplozyon sa a pi pisan pase esplozif tradisyonèl yo (tankou TNT). Lè yon zam nikleyè esploze, li lage kat kalte enèji: yon ond chòk, yon gwo limyè, chalè ak radyasyon. Zam nikleyè kapab sou fòm bonm oswa misil.

Lè yon zam nikleyè esploze, li kreye yon gwo boul dife. Tout bagay anndan boul dife sa evapore epi monte. Sa kreye yon nyaj fòm champion. Materyo ki nan nyaj la refwadi pou tounen patikil ki tankou pousyè epi retonbe sou tè a. Tonbe a ka vini ak van epi ka vwayaje ale plizyè mayl de kote esplozyon an. Patikil ki tonbe yo radyoakfif epi yo kapab kontamine nenpòt bagay yo tonbe sou li.



## Kisa ki prensipal danje yon zam nikleyè?

Yon zam nikleyè ka lakòz gwo destriksyon, lanmò, ak blesi epi zòn li frape a gran. Moun ki pre kote esplozyon f la ka sibi bagay sa yo:

- Blesi owsa lanmò (nan dènye ond chòk la)
- Boule lejè jiska sa ki grav (nan chalè ak dife)
- Avèg (akòz gwo limyè a)
- Maladi radyasyon, yo rele tou sendwòm radyasyon egi oswa ARS nan lang angle (akoz radyasyon ki lage a)

Moun ki rete pi lwen kote esplozyon an fèt la, men ki sou wout patikil ki tonbe yo, ka gen sante yo afekte akoz:

- Sa ki tonbe sou kò yo oswa rad yo (kontaminasyon estèn) oswa anndan kò yo (kontaminasyon entèn)
- Maladi radyasyon
- Manje ak sous dlo kontamine

## Kisa mwen ta dwe fè pou pwoteje tèt mwen?



U.S. Department of  
Health and Human Services  
Centers for Disease  
Control and Prevention

<http://emergency.cdc.gov/radiation>